

# ABÒDE BEZWEN APRANTISAJ SOSYAL EMOSYONÈI ELÈV K AP APRANN ANGLE OSWA K AP APRANN PLIZYÈ LANG



jedi, 21 mas 2019

**NYSABE**

**Prezantatè: Nicole B. Rosefort, Jessie Cadeau**

**NYS Language RBERN at NYU**

**NYU**Steinhardt

Steinhardt School of Culture, Education, and Human Development

The Metropolitan Center for Research on Equity and the Transformation of Schools

*New York State Language Regional Bilingual Education Resource Network*

# OBJEKTIF

**Nan fen atelye sa a, ou pral:**

- **Gen pli konesans sou aprantisaj sosyal-emosyonèl**
- **Avantaj ki genyen lè ou itilize estrateji pou devlope aprantisaj sosyal-emosyonèl ant paran ak timoun yo**
- **Konesans pou ankouraje aprantisaj sosyal-emosyonèl timoun yo lakay ak lekòl**
- **Jwenn resous sou fason ou kapab bay sipò sosyal emosyonèl lakay**

# POUSANTAJ ELÈV KI DIPLOME LEKÒL SEGONDÈ NAN 4 AN?

**To gradyasyon nan Eta Nouyòk pou elèv ki kòmanse klas 9yèm ane an 2014 e ki gradye nan 4 an -jen 2018.**

SOU GWROUP ELÈV	POUSANTAJ
Tout Elèv yo	80.4%
Elèv ki gen yon Andikap	55.9%
Elèv k ap Aprann Angle	29%

**Nan Eta Nouyòk, pousantaj elèv ki kite lekòl segondè rive 27.5% pami Elèv k ap Aprann Angle/Elèv k ap Aprann Plizyè Lang, e 11.1% pami Elèv ki Gen yon Andikap.**

# SIYAL AVÈTISMAN KI KA MENNEN YON ELÈV KÒMANSE PA ENTERESE NAN LEKÒL

**Rechèch yo demontre lè yon elèv pa fini lekòl se yon faktè ki bay pwoblèm nan domèn sa yo:**

- **Pwogrè akademik**
- **Sitiyasyon familyal**
- **Pwoblèm pèsonèl**



# SOCIAL AND EMOTIONAL LEARNING (SEL) COMPETENCIES

## SELF-AWARENESS

The ability to accurately recognize one's own emotions, thoughts, and values and how they influence behavior. The ability to accurately assess one's strengths and limitations, with a well-grounded sense of confidence, optimism, and a "growth mindset."

- ⇒ IDENTIFYING EMOTIONS
- ⇒ ACCURATE SELF-PERCEPTION
- ⇒ RECOGNIZING STRENGTHS
- ⇒ SELF-CONFIDENCE
- ⇒ SELF-EFFICACY

## SELF-MANAGEMENT

The ability to successfully regulate one's emotions, thoughts, and behaviors in different situations — effectively managing stress, controlling impulses, and motivating oneself. The ability to set and work toward personal and academic goals.

- ⇒ IMPULSE CONTROL
- ⇒ STRESS MANAGEMENT
- ⇒ SELF-DISCIPLINE
- ⇒ SELF-MOTIVATION
- ⇒ GOAL SETTING
- ⇒ ORGANIZATIONAL SKILLS

## SOCIAL AWARENESS

The ability to take the perspective of and empathize with others, including those from diverse backgrounds and cultures. The ability to understand social and ethical norms for behavior and to recognize family, school, and community resources and supports.

- ⇒ PERSPECTIVE-TAKING
- ⇒ EMPATHY
- ⇒ APPRECIATING DIVERSITY
- ⇒ RESPECT FOR OTHERS

## RELATIONSHIP SKILLS

The ability to establish and maintain healthy and rewarding relationships with diverse individuals and groups. The ability to communicate clearly, listen well, cooperate with others, resist inappropriate social pressure, negotiate conflict constructively, and seek and offer help when needed.

- ⇒ COMMUNICATION
- ⇒ SOCIAL ENGAGEMENT
- ⇒ RELATIONSHIP BUILDING
- ⇒ TEAMWORK

## RESPONSIBLE DECISION-MAKING

The ability to make constructive choices about personal behavior and social interactions based on ethical standards, safety concerns, and social norms. The realistic evaluation of consequences of various actions, and a consideration of the well-being of oneself and others.

- ⇒ IDENTIFYING PROBLEMS
- ⇒ ANALYZING SITUATIONS
- ⇒ SOLVING PROBLEMS
- ⇒ EVALUATING
- ⇒ REFLECTING
- ⇒ ETHICAL RESPONSIBILITY





## KONPETANS POU APRANTISAJ SOSYAL EMOSYONÈL

- **Pran Konsyans**

- Kapasite pou rekonèt ak presizyon emosyon pwòp tèt ou, ki jan ou panse, valè e enfliyans yo gen sou konpòtman. Kapasite pou evalye ak presizyon fòs ak limit ou, ak bon sans ki baze sou konfyans, optimis e sou “devlopman lide.”

- Idantifye emosyon
- Konpreyansyon pèsonèl
- Rekonèt fòs ou
- Gen konfyans nan tèt ou
- Efikasite pwòp tèt ou



## KONPETANS POU APRANTISAJ SOSYAL EMOSYONÈL

- **Konsyans Sosyal**

- Kapasite pou aksepte opinyon e fè echanj lide ak lòt moun ki gen diferan orijin ak kilti. Aksepte resous ak sipò moral familyal, lekòl ak kominote yo.

- Pèspektiv
- Senpati
- Apresye divèsite
- Respè pou lòt

## KONPETANS POU APRANTISAJ SOSYAL EMOSYONÈL

- **Pran desizyon responsab**

- Kapasite pou fè chwa konstriktif sou konpòtman pèsonèl ak entèraksyon sosyal ki baze sou prensip etik, sekirite, preyokipasyon ak nòm sosyal. Evalyasyon reyèl konsekans diferan aksyon, ak konsiderasyon byennèt pwòp tèt ou ak lòt moun.

- Idantifye pwoblèm yo
- Analize sitiyasyon yo
- Rezoud pwoblèm yo
- Fè yon evalyasyon
- Panse, reflechi
- Responsabilite moral

## KONPETANS POU APRANTISAJ SOSYAL EMOSYONÈL

- **Jesyon Pwòp Tèt Ou**

- Kapasite pou byen kontwole emosyon,panse ak konpòtman ou nan diferan sitiyasyon, jere estrès, kontwole ensten ou ak motive tèt ou.

Kapasite pou deside ak travay vè objektif akademik ak pèsònèl.

- Kontwòl ensten
- Jere estrès
- Disiplin
- Motivasyon
- Objektif ou
- Konpetans Òganizasyonèl

## KONPETANS POU APRANTISAJ SOSYAL EMOSYONÈL

- **KONPETANS POU DEVLOPE RELASYON AK MOUN**
- Kapasite pou etabli epi kenbe relasyon pwofitab ak divès kalite gwoup moun. Kapasite pou kominike klèman, koute byen, kowopere ak lòt moun, pa pran nan presyon sosyal ki pa apwopriye, negosye dezakò pozitivman, e ofri èd ou lè li nesesè.
- Kominikasyon
- Angajman Sosyal
- Devlopman relasyon
- Travay an Ekip

## ETAP POU DEVLOPE APRANTISAJ SOSYAL EMOSYONÈL

1. Devlope jesyon pwòp tèt ou ak konsyantizasyon ki nesesè pou reyisi nan lavi ak lekòl.
2. Sèvi ak konsyans sosyal e ak ladrès pou etabli epi kenbe relasyon pozitif.
3. Demontre kapasite etik pou pran desizyon ak konpòtman responsab nan sitiyasyon pèsonèl, nan lekòl, ak nan kominote a.

## AVANTAJ LÈ OU KONNEN KI SA SOSYAL EMOSYONÈL YE

Rezilta ou ka jwenn lakay lè ou metrize konpetans nan aprantisaj sosyal emosyonèl:

- Jwenn pi bon byennèt ak pi bon pèfòmans akademik
- Redwi detrès emosyonèl, amelyorasyon nan angajman elèv yo, diminye pwoblèm disiplinè ak sispansyon
- Amelyore kominikasyon ant paran ak pitit, ak pèsonèl lekòl la
- Amelyore relasyon pwofesè-elèv e ak kamarad klas yo

## IDENTIFYE EPI EXPLORE RÈV AK ESPWA TI MOUN YO

- **Ki rèv ak ki objektif ou genyen pou pitit ou?**
- **Kisa pitit ou bezwen aprann nan men ou pou l reyalize objektif li?**
- **Kijan ou ka ede pitit ou yo reyalize objektif yo?**

# ESTRATEJI SOSYAL EMOSYONÈL POU ITILIZE LAKAY

**Ou ka aprann estrateji kòman pou rezoud dezakò ki kapab ede fanmi ou devlope sosyalman ak emosyonèlman:**

- Mande pitit ou kijan l santi li
- Chèche rete kalm lè ou fache
- Evite imilye oswa pase pitit ou nan betiz
- Poze kesyon ki ede timoun rezoud pwoblèm pou kont yo
- Pare pou fè eskiz
- Lè li posib, bay timoun nan opòtinite pou l chwazi epi respekte volonte l



## ESTRATEJI SOSYAL EMOSYONÈL POU ITILIZE LAKAY (Continued)

- Ankouraje pitit ou pou yo sèvi ak mo pou eksprime emosyon yo, tankou "Mwen santi mwen tris" oswa "Sa fè m 'reyèlman fache"
- Konsantre sou kalite pozitif
- Move konpòtman fèt pou gen konsekans
- Ankouraje timoun yo pataje ak ede
- Li liv ak ti istwa ansanm, oswa rakonte yo istwa sou eksperyans ou lè ou t ap grandi

# EDE TIMOUN YO FÈ FAS AK LAPERÈZ


Youn nan pi gwo defi ou fè fas, se ede pitit ou yo simonte laperèz. Fasilite pwosesis sa a, ak prepare pitit ou pou defi lavi a, jwe yon wòl enpòtan. Kèk nan ladrès sosyal emosyonèl ou ka itilize pou ede pitit ou jere laperèz yo se:

- Pran pasyans
- Prezante moun modèl
- Bay bon ekzanp
- Ba yo kontwòl
- Ankouraje ak fè louwanj yo
- Reponn kesyon yo poze w
- Ale dousman
- Rete kalm

## Liy Dirèk (Parent Hotline) Nan Eta Nouyòk la pou Paran Elèv k ap Aprann Anglè

- Si ou gen okenn kesyon sou dwa ou ak sèvis pou pitit ou, tanpri ranpli fòm pou kesyon yo, oubyen telephone nou nan (800) 469-8224. Si non, [ou ka rale fòm elektwonik la vin jwenn ou](#), epi ou ka voye l ba nou pa imèl nan [nysparenthotline@nyu.edu](mailto:nysparenthotline@nyu.edu), oubyen ou ka fakse li ba nou nan (212) 995-4199, oswa ou ka voye l ba nou pa lapòs nan adrès ki pi ba a:
- **NYS ELL Parent Hotline Team**  
**c/o NYS Statewide Language RBERN at NYU MetroCenter**  
**726 Broadway – 5th Floor**  
**New York, NY 10003**
- If you have a specific inquiry regarding your rights or services for your child, you may contact us by completing an inquiry form [here](#), or call us at (800) 469-8224. If you prefer, you can download this [inquiry form](#) and email it to us at [nysparenthotline@nyu.edu](mailto:nysparenthotline@nyu.edu), or fax it to us at 212-995-4199, or mail it to us at:
- **NYS ELL Parent Hotline Team**  
**c/o NYS Statewide Language RBERN at NYU MetroCenter**  
**726 Broadway – 5th Floor**  
**New York, NY 10003**

# Thank You



ありがとう

